**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
**ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «ЦЕНТР ОБРАЗОВАНИЯ г. ГУДЕРМЕС»**

# Фонд оценочных средств

по

родному (чеченскому) языку

2-4 класс

Авторы учебника: Солтаханов Э.Х., Солтаханов И.Э., Эдилов С.Э.

Составитель: Хасбулатова Р.Б.

2023 – 2024 учебный год

# Пояснительная записка

Фонд оценочных средств (далее - ФОС) является одной из технологий внутренней оценки качества образования (самообследования) ГБОУ «Центр образования г. Гудермес». ФОС образовательных достижений, используется для определения уровня его содержание соответствует реализуемым образовательным программам и составлено в соответствии с Федеральным законом от 29.12.2012 г. № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации», с изменениями и дополнениями, Положением о внутренней системе оценки качества образования, Положением о фонде оценочных средств для проведения текущего контроля успеваемости и промежуточной аттестации обучающихся в ГБОУ «Центр образования г. Гудермес»

**Целью** создания ФОС учебного предмета родной ( чеченский) язык является установление соответствия уровня подготовки учащихся на данном этапе обучения требованиям рабочей программы учебного предмета,.

Задачи ФОС по предмету

- контроль и управление процессом приобретения учащимися необходимых знаний, умений, навыков и уровня сформированности компетенций, определенным в ФГОС;
- контроль и управление достижением целей реализации ООП;
- оценка достижений учащихся в процессе изучения предмета, курса, дисциплины с выделением положительных/отрицательных результатов и планирование предупреждающих/корректирующих мероприятий;
- обеспечение соответствия результатов обучения через совершенствование традиционных и внедрение инновационных методов обучения в образовательный процесс школы.

Контрольно-оценочные средства (КОС) направлены на проверку усвоения обучающихся важнейших знаний, предметных умений и видов познавательной деятельности, представленных в разделах родной (чеченский) язык. Работы предусматривают проверку содержания родного (чеченского) языка образования и различных видов умений и способов деятельности обучающихся на разных уровнях сложности.

Проверочные работы представлены в виде контрольных работ, тестовых заданий различного уровня сложности. КОС для обучающихся 1-4 классов составлены на основе банка заданий ФИПИ, материал представлен в порядке изложения тем в учебнике Солтаханов Э.Х., Солтаханов И.Э., Эдилов С.Э.

**Паспорт**
**фонда оценочных средств**
**по предмету «Чеченский язык»**

| № п/п | Наименование оценочного средства | Четверть | Представление оценочного средства в фонде |
|---|---|---|---|
| **2 класс** | | | |
| 1 | Чуваларан (входной) талламанболх. «Дешархо» | I | 1амийнарг карладакхар.Къамел. |
| 2 | Талламанболх«Тхан школа» | I | «Аьзнаш а, элпаш а» |
| 3 | Талламанболх «Хьоза» | II | «НохчийнАбат, я алфавит» |
| 4 | Талламанболх «Шовда» | II | «НохчийнАбат, я алфавит» |
| 5 | Талламанболх «Тханцициг» | III | «Х1уманаш билгалъендешнаш» |
| 6 | Талламанболх «Комарийндитт» | III | «Х1уманаш билгалъендешнаш» |
| 7 | Талламанболх «Кехат» | III | «Х1уманаш билгалъендешнаш» |
| 8 | Талламанболх «Белхи» | IV | «1амийнарг карладаккхар» Предложени. |
| 9 | Талламанболх «Танкист» | IV | «1амийнарг карладаккхар»Предложени. |
| 10 | Шеранхааршталларан талламан диктант «Школьни выставка» | IV | «1амийнарг карладаккхар»Предложени. |

**I-чийрик**

**Чуваларан  (входной) талламанболх. «Дешархо»**

«Дешархо»

Со дешархову. Ас дика доьшу. Ас нанна г1о до. Нанас суна, дика к1ант ву, олу. Со школе т1аьхьа ца вуьсу.

**Таллманболх «Тхан школа»**

«Тхан школа»

Тхан школа хазачу меттехь йу. Школан кораш  даккхий ду. Корашна т1ехь зезагаш лаьтта. Оха царна хи туху. Хаза ду тхан класса чохь. Оха дика доьшу.

**II -чийрик**

**Талламанболх «Хьоза»**

«Хьоза»

Тханкертахькест-кеста жима хьозаго.Изатхан кора йуххеохьахуу.Цо хаза эшаршлоькху.Асцуьнга ладоьг1у.Иза соьхцакъаьхка.Асцуннацуьргаштосу.

**Талламанболх  «Шовда»**

«Шовда»

Со юьртахь 1аш  ву. Тхунаюххехьшовдаду. Шовданан хи шийладу. Шовданан хи ц1ена,сирладу. Оха шовданан хи молу.  юьртахьшовданашдуккха а ду.

**IIIчийрик**

**Талламанболх  «Тханцициг»**

«Тханцициг»

Ч1ог1а харцхьарадутханцициг.Кхоссалоймаьнги т1е долу иза, кора т1е долу, йухамаьнги к1ел лечкъа.Мачаш т1ейухуш вахьахиъча, ботинкийн чимчарг1аш ийзадоцо.Данне а дацтханцицигцхьанаметтасоцуш.

**Талламанболх «Комарийндитт»**

«Комарийндитт»

Тханкертахькомарийндиттду.Соцунна т1е валало.Ас га дегийча,комаршдитта к1ел охьаоьгу.Нанас,йишасшаршу а лоций, царна а эгайо ас комарш.Тхандитта т1ера комарш ч1ог1а мерзайу.

**Грамматически 1едиллар**

1.Шала элпашна к1ел сиз хьакха

2.Дешт1аьхьена к1ел ши сиз хьакха

**Талламанболх «Кехат»**

«Кехат»

Ас сайнвешекехатяздо.ИзаМосквахьдоьшушву.Кестаотпускана ц1а вог1ур вуиза.Сунадукхавеза сан ваша.Цогуттар а хьехамашбосунна.Асцуьнга ладуг1у.Цо сунна дуккха а керланиг 1амадо.

**IVчийрик**

**Талламанболх «Белхи»**

«Белхи»

Тхо г1о дан дахара.Делкъан хилча,х1ума йаакхайкхиратхоьга.Жижиганчорпайиинчул т1аьхьа тхунахьалхадехкира ц1ен,мерза 1ежаш а, можа бос болу хьечаш а,1аьржа хьечаш а.Х1ума а йиъна,кхид1а а бираохаболх.

**Талламанболх «Танкист»**

«Танкист»

Жалил танкист ву. Танканайуххехьлаьтташдаьккхинасуртдаийтирацо ц1а. Х1ора кехата т1ехь шен танк хестайо Жалила. Воккхахилча,со а хирву танкист. Суна кинохьдукхагинатанкаш.Ондамашинашйууьш.

**Шеранхааршталларан**
**талламан диктант**

**«Школьни выставка»**

«Школьни выставка»

Школехь выставка яра.Цувыставкехь дара берашадеххкинасуьрташ.Виситасдиллинасуртхазахийтирамассарнаа.Цуьнансуьрта т1ехь йарацеран школа а, школанайуххера ц1енош а, урам а. Виситина хаза совг1ат делира.

**Грамматически т1едиллар: шалхачуэлпашна к1ел сиз хьакха.**

**Паспорт**
**фонда оценочных средств**
**по предмету «Чеченский язык»**

| № | Наименование оценочного средства | Четверть | Разработчик |
|---|---|---|---|
| 1. | **Г1иллакх-оьздангаллех лаьцна.** | I | Тестировани №1 |
| 2. | **Вайн доттаг1ий – дийнаташ** | II | Тестировани №2 |
| 3. | **ВайнДаймохк.** | III | Тестировани №3 |
| 4. | **Нохчийнхалкъанбартакхоллараллa.** | IV | Тестировани №4 |

**Паспорт**
**фонда оценочных средств**
**по предмету «Чеченский язык»**

| № п/п | Наименование оценочного средства | Четверть | Контролируемые разделы (темы) предмета |
|---|---|---|---|
| **4 класс** | | | |
| 1 | Талламанболх «Хьуьнандахар» | I | 1аминарг карладакхар.Предложени. |
| 2 | Талламанболх «1аьнан оьг1азло» | I | 1аминарг карладакхар.Предложени. |
| 3 | Талламанболх «1аьнан мох». | II | Ц1ердош. |
| 4 | Талламанболх «Ши борз» | III | Билгалдош. |
| 5 | Талламанболх «Олхазарш» | III | Билгалдош. |
| 6 | Талламанболх «Г1ирг1а» | III | Хандош |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 7 | Талламанболх<br>«Лар толу ж1аьла». | IV | Т1едерзар |
| 8 | Талламанболх Доттаг1алла | IV | Т1едерзар |
| 9 | Талламанболх<br>«Воккхастаг» | IV | 1аминарг карладакхар. |
| 10 | Талламанболх<br>«Ч1ерий дохуш» | IV | 1аминарг карладакхар. |

**Талламанболх**

**Хьуьнахдахар.**

Сарахьохатхешан т1оьрмигаш кечдира. 1уьйранна тхоновкъадевлира.Тхоьцатханхьехархо а вара. Сада1а билгалъяьккхинчуметтехьсевциратхо. Амматханнакъосташна дика некъкарийра. Тхооцуновкъа д1адахара. Таьххьара а сада1а боккха 1ам болчохьсевциратхо. Ц1еххьана тхунахезирабердоьлхуш. Тходевддацигадахара.Жима ши йо1 тилаеллахиллера. Оха и шиъновкъаяьккхира.

**Грамматически т1едиллар**:

1.Пхоьалг1а предложении меженашцаталла. Дешнийнцхьанакхетаршсхьаязде.

2.Шолг1ачу предложенехькъамеландакъошбилгалдаха.

3. Схьаяздемукъазашалхаэлпашцхьананисделладешнаш.

**Талламанбелхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочушдинехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочушцадинехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламанболх**

**1аьнан оьг1азло.**

Хи чуьрчу ч1ерашна т1едирзира 1а. Ж1ов етташсаннататанаш а деш, йоккхашело д1ах1оттира. Шелонотатолашна, 1аьмнашна т1еш техкира. Татолашна а, 1аьмнашна а шабира . Ч1ерий хи буха дахара. Шабинчу хи к1ел шийла йацара.

1а адамашна т1едирзира. Йоккхашело д1ах1оьттира, не1арша а ,пенаша а татанаш а деш. Адамашапешашлатийра, довхачу ц1еношкахь 1аш бууьш 1аьнах бийла а буьйлуш. Кегийбераш а цакхоьру 1аьнах. Конькеша ,салазаш а хоьхку, лайн мижаргех а ловзу, лайн баба а йо, лайн баьрзнаш а до, хи а туху, шелоне а кхойкху:

-Г1о дан йола, шело !- бохуш.

(Халкъанбартакхолларалла).

**Грамматически т1едиллар.**

1. Хьалхара предложении меженашцаталла.
2. Йоьалг1ачу предложенехьдолчу ц1ердешнийн дожар ,легар, терахькъастаде.
3. Шайцадолчу ц1ердешнашца схьаязъекхоъ дешт1аьхье.
4. Фонетически талладош<u>шело</u>.

**Талламанбелхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочушдинехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочушцадинехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламанболх**

**1аьнан мох.**

Шийлачумоходиттийнбаххьашлестадо. 1ай шийлачумеханхьекхар сих-сихахуьлу. Берашшийлачу махана дуьхьалдирзинальтташ дара. Со корехулашийлачу махе хьоьжушлаьттира. Арахьхоькхушшийла мох бара. Суна т1ехь йовхабедарш ю. Цундела со шийлачу махах цакхоьру. 1ай хьоькхучушийлачу махал новкъа х1ума цахуьлу. Шийлачумахацакъийсалуш сана лаьттараакхтаргаш.

**Грамматически т1едиллар.**

1. Схьаяздемассо а предложенерашийлабохубилгалдош, цуьнцауьйрлелош долу ц1ердош. Билгалдахадожарш, чаккхенаш.
2. Хьалхара предложении меженашцаталла.

**Талламанбелхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочушдинехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочушцадинехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламанболх**

**Ши борз.**

Со вара новкъа вог1уш. Т1ехьа цхьа г1овг1а хезира сунна. Мохьхьоькхуш вверг жадажош волу цхьа жима к1ант вара. Иза вара, цхьанхьа д1ахьежош п1елг а болуш, арахулаведдавоьдуш.

Д1ахьаьжначу сунна гира:арахулаеддайоьдура ши борз: цхьаъ-йоккхий, важа-жимий.

Цергашцасхьалаьцна ког а болуш ,жимачобукъа т1ехь хьош 1ахар бара. Йоккханиг яра т1аьхьах1оьттина йоьдуш.

Суна берзалойма-гиннехь, со а жа1уьнца царна т1аьхьа ведира.Охашиммо а мохь бета болийра. Оха хьоькхумохь а хезна, шайца ж1аьлеш а долуш, нах баьхкира.

**Л. Толстой.**

**Грамматически т1едиллар**.

1. Шолг1а предложении меженашцаталла.
2. Х1оттамца талладош : жа1уьнца.
3. Схьаяздетерахьдешнаш.
4. Хьалхарчупредложенехьбилгалдахакъамеландакъош.

**Талламанбелхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочушдинехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочушцадинехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламанболх**

**Олхазар.**

Цхьадолуолхазаршгурахьбовхачумахка д1адоьлху. Церан д1адахар тайп-тайпанахуьлу. Ч1ег1ардигаш яккхийтобанашйойдоьлху. Г1арг1улеша кхосабергйо. Г1езаша мог1а бо.

1а д1адаьлча юха а схьакхочуолхазарш. Царнашаьшхьалха хан яьккхинаметтигашевза. Циггахьсовцууьшшаьшюхакхаьчча. Шайн хила бенашюха то а до, керланаш а до цара .

Бошмашназуламейолусадолу х1уманаш а юуолхазарша. Цундела лору уьшбелхалошабошмийн доттаг1ий.

**Грамматически т1едиллар:**

1. Хьалхарчупредложенехьбилгалдахакъамеландакъош. Меженашцаталлаиза.
2. Схьаяздекхоъкаарарчухенанхандош, билгалъяхачаккхенаш.
3. Хоттамцаталладошсхьакхочу.

**Талламанбелхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочушдинехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочушцадинехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламанболх**

**Г1ирг1а.**

Бешахь, новкъахьловзуш, ирхлелхаш яра хьозанан к1орнеш.

Доккхахьозадара ,лекхачудиттангаьн т1е а хиъна , кхерамеолхазар дог1ий хьоьжуш.

Дог1уш ду г1ирг1а. Иза дог1у меллаша , г1овг1а а йоцуш. Доккхачухьозанохаамбирашен к1орнешка. Ерриш к1орнеш куллахь д1алевчкъира. Хехь долу доккхахьозадугаьнна т1ехь 1аш. Иза метах ца долу, г1ирг1анна т1ера б1аьрг а цабоккхуцо.

Г1ирганна гирадоккхахьоза. Иза хьозанна т1ехьаьдира. Хьозакуллахдуьйлира.

Г1ирг1а гонд1ахьа хьоьжу, цуьнан б1аьргаш ц1е санна богу. Аммаиза х1умма а йоцушдуьсу.

**Грамматически т1едиллар:**

1. **Чолхе предложении карае . Иза меженашцаталла.**

2. **Хьозадош фонетически талла.**
3. **Массо а предложенешкахьхьозадешандожарбилгалдаккха**.

**Талламанбелхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочушдинехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочушцадинехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламанболх**

**Лар толу ж1аьла.**

Сан вашас Х1арона к1еза деара. Оха цунна ц1е тиллираТарзанаьлла. Соьцагуттар а ловзушхуьлура к1еза. Хи т1е лийчасо воьдушхилча, т1аьхьах1уттара иза.

Д1аоьхура хан. Тарзандоккхахилира. Цуьнанлергашира, дог1аделла дара. Изалар толу ж1аьла хиллера. Х1арона кест-кестахьунхахьталладуьгураТарзан. Х1инца, доккха а хилла, соьца к1езиг ловзуиза.

Т1едиллар:
1) Билгалдахакъамеландакъошхьалхарчупредложенехь.
2) Дешдакъошцадекъадешнаш: цунна,доккха, т1аьхьах1уттура

**Талламанболх**

**Доттаг1алла**

Доттаг1 воцушстагмегарвац. Доттаг1 воцустаг, т1ам боцуолхазарсанна, ву. Доттаг1чунна тешаме хила веза.Доттаг1алла даггаралело деза.Доттаг1чух дагаволуш хила веза. Доттаг1чунна т1е халоеанаметтиг а 1оттаелла доттаг1 дешарна т1аьхьависча, цунна г1о дан деза. Иштташилчий бен хьохбакъволудоттаг1 а хирвац.

Т1едиллар:
1) Кхоалг1а предложеникъамеландакъошцаталла.
2) Цхьаорам болу дешнашбилгалдахий, т1ехула дожарш х1иттаде.

**Талламанболх**

**Воккхастаг**

Х1ор 1уьйранна вог1ура воккхастагакххаройх а, олхазарех а дерш 1амочу ц1а чу.Мунданаштоеш я керланашешхуьлураизацучохь. Оцу 1уьйранна а шаянйолийначуаккхачубеданмунда,хьаькхна, шардешкечдинчужимачууьн т1ехь д1а а ч1аг1йина , шаяржийнанехаш, нуйхьаькхна, гул а йина, тускар чу тийсирацо.

Т1едиллар:

1) Хьалхара предложении къамеландакъошцаталла.
2) Массопредложенийнюкъара ц1ерметдешнаш билгалдаха.
3)

**Талламанболх**

**Ч1ерий дохуш**

Со сайн доттаг1чуьнца ч1ерий даха вахара.Хитийналаьттачуайми чу тесираоха м1ерий.Сан м1ера т1е боккха ч1ара летчасаннахетаделирасуна.Сунамоттадаларехь,пхьаьрссалбоккхахир бара иза.Асдоггахсхьаозийра м1ара.Амма изасоьгасхьацабаккхабелира.Соьцацхьаьна м1ара схьаозийра сан доттаг1чо а.Халласхьабаьккхираохашиммацхьаьна сан м1ара.Д1ахьаьжча, тиша,йоккхакалохиллера м1ерах тасаелла.

**Т1едиллар**

**1.**Шолг1а предложенимеженашцаталла.

**2**.Къамела дакьошбилгалдеоцупредложенехь

**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
**ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ**
**УЧРЕЖДЕНИЕ «ЦЕНТР ОБРАЗОВАНИЯ г. ГУДЕРМЕС»**

**РАССМОТРЕНО**
Руководитель МО
_______/Гилисханова С.М./
Протокол №_1 от
«_29 »__08 2023г.

**СОГЛАСОВАНО**
Заместитель директора по НЭР
_______/Халимова М. И./
« 29»___08 2023г.

# Фонд оценочных средств

по

литературному чтению

на родном (чеченском) языке

2-4 класс

Авторы учебника: Солтаханов Э.Х., Солтаханов И.Э., Эдилов С.Э.

Составитель: Хасбулатова Р.Б.

2023 – 2024 учебный год

**Паспорт фонда оценочных средств**
**по предмету «Литературное чтение на родном (чеченском) языке»**

| № п/п | Наименование оценочного средства | Чет верть | Контролируемые разделы (темы) предмета |
|---|---|---|---|
| **4 класс** | | | |
| 1 | Тестировани | II | Вайн Республика-Нохчийчоь |
| 2 | Тестировани | IV | Болх бе. Халкъандуьхьаваха |

**Тестировани**

**Ахмадов Муса «Нохчийнхиш»**

1.Стихотворени т1ехь хьахийнадоцувайнмехканкхинмуьлхахишдевзашуна? Д1аязде уьш

2.Книга т1ера Терк-хихлаьцна болу хаамашсхьаязбе.

Яздецунахлаций.

3.Шу дехачуметтехьмуьлха хи ду? Довзийтаизавайнмахкахошна а.

4.Вайн махкахьдолчуцхьана хин ц1арх ю вайнмехканшахьара.Муьлха хи дуиза?

5.Вайн мехкануггардехаа,уггарчехка а хи муьлханигду?Муьлхачуярташнаюххехулачекхдолу иза?Т1аьххьара а х1ун хуьлуцунах?Яздецунахлаций.

**Тестировани**

**«БерсановХож-Ахьмад «Жима Зарет»**

1.Дийцар т1ехь муьлхадешнашхетахьунакоьрта? Схьаяздеуьш.

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

2.Язде, хьунахетарахь, х1ун дара Хьусайне хи чу йоьдучуьраЗаретхьалаяккхийтинарг?

3.Хьан дахарехьнисъеллийиштаметтигаш? Хьайндийцаркхоллий, д1аязъе цуьнан план. Ц1е тиллацунна.

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

4.Йоцца отзыв х1оттае х1окху дийцарна. Планах пайдаэца.(Къамелкхиорналеринабелхан тетрадах пайдаэца)

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

(Автор, произведенин ц1е)

Х1ара произведени____________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

(Язде,хьанахлаьцнадуьйцукхупроизведенехь)

Хьайнахетарг ала.

-Суна хетарехь,сан доттаг1аша а х1ара произведениеша еза.

-Суна цалаьа х1ара произведени сан доттаг1аша йоьшийла.

Дийца, х1унда хетахьунаизаиштта.

______________________________________________________________________

____________________________________________________

____________________________________________________